

Suluk Pêdhalangan



dêning: S. Padmosoekotjo

SULUK PADHALANGAN ABASA JAWI-KINA
INGKANG LÊRÈS TUWIN KATRANGANING
TÊMBUNG-TÊMBUNGIPUN

Kaimpun dêning
S. PADMOSOEKOTJO

Dhandanggula

Mamring manis palêsthaning tulis, pinêngetan Slasa Paing tanggal, ping *pitulas* wayah sore, *Mei* sangkalan taun, SUKA WULANG TRUSTHA SAJATI, jumbuh lan warsa Jawa, Jimawal ing windu, Kunthara ing mangsa Saddha, Madilawal ping Wolulikur marêngi, ARUM LUHUR TRUSTHENG TYAS.

Atur pangiring.

Nuwun,

Anggen kula ngimpun „Suluk padhalangan abasa Jawi-kina” kanthi katrangan têgésing têmbung-têmbungipun, sasampunipun kula mirêng/mangrêtos bilih:

1. Suluk-suluk abasa Jawi-kina ingkang dipun-ucapakên dêning para dhalang, ingkang sampun nate kula pirêng wonten ing pagêlaran ringgit purwa utawi saking giyaran R.R.I umumipun sami *kirang lérês*.
2. Sêrat-sêrat „*gegaran sinau ndhalang*” ingkang sampun nate kula waos, cakêpaning suluk-sulukipun ingkan abasa Jawi-kina, umumipun inggih *kirang lérês*.
3. Para dhalang ingkang sampun nate kula takeni, umumipun sami *botên mangrêtos* dhatêng suraosing cakêpanipun suluk abasa Jawi-kina ingkang dipun-ucapakên.

Sapunika jaman pembangunan. Padhalangan inggih prêlu tumut dipun-bangun. Ingkang kirang lérês, prêlu dipun-lérêsakên. Suluk-sulukipun dhalang ingkang abasa Jawi-kina kêdah kenging dipun-têgési secara ilmiah. Dhalang piyambak kêdah mangrêtos dhatêng suraosing cakêpanipun sadaya suluk ingkang dipun-ucapakên.

Suluk padhalangan abasa Jawi-kina punika meh sadaya pethikan saking *KAKAWIN BHARATAYUDDHA* karyanipun Èmpu Sêdah lan Èmpu Panuluh ing jamanipun Prabu Jayabaya (Kediri). Wonten 1 ingkang pêthikan saking *KAKAWIN RAMAYANA*.

Wonten ing buku punika, suluk-suluk abasa Jawi-kina kasêrat ing *aksara Jawi kados aslinipun*. Ugi kasêrat ing aksara Latin, kangge para sadherek ingkang kirang pana dhatêng

aksara Jawi.

Kakawin punika sabén 1 sloka utawi 1 padêswara = 2 padadirga = 4 padapala. Dhapukanipun *Kakawin* awêwaton *LAMPAH* lan *GURU-LAGHU* utawi *DHONG-DHING*.

Lampah punika kathahing wanda sabén 1 padapala. *Guru* (*dhong*) punika suwantên antêb (awrat). *Laghu* (*dhing*) punika suwantên ampang (entheng).

Ingkang kalêbêt *GURU* punika ungêlipun wanda ingkang: I Aswantên panjang. II Wanda mawa „e” utawi „o”. III Wanda sigêg. Sanesipun tigang warni punika kalêbêt *LAGHU*.

GURU utawi *LAGHU* punika botên namung pinanggih wontên ing sabén wêkasaning padapala, nanging ugi pinanggih wontên ing wiwitan lan tengah-têngahipun padapala.

Sarehning dhapukan *KAKAWIN* punika ngangge wêwaton ingkang *GUMATHOK* sangêt, cakêpanipun botên kenging dipun-ewahi ing sapurun-purunipun kemawon. Saya botên kenging, manawi anggenipun ngewahi punika njalari cakêpanipun *KAKAWIN* lajêng dados ungêl-ungêlan ingkang *tanpa têgês*. Punika nama *ngrisak* utawi *mbibrahakên KAKAWIN*.

Prêlu kawuningan:

1. Suluk-suluk abasa Jawi-kina ingkang kawrat ing buku punika namung miturut *ungêlipun ingkang asli*, tanpa wêwahan wanda „o” ingkang minangka *kombangan*.

2. Suluk abasa Jawi-kina ingkang kangge *ADA-ADA* (ada-ada grêgêt-saut), limrahipun botên ngantos dumugi wêkasnipun sloka. Wontên ing pundi kendêlipun (pêdhot-ipun), botên prêlu kapratelakakên ing buku punika, sabab para dhalang têmtu sampun ngrêtos.

3. Katranganing têmbung-têmbung ingkang kawrat ing buku punika sapérangan agêng miturut *Oudjavaansch-Nederlandsche Woordenlijst* door Dr. H. H. Juynboll. Satunggal-kalih wontên ingkang miturut Bausastra karangan-ipun *J. F. C. Gericke* lan *T. Roorda*.

Sadaya panyêda (kritik) ingkang tumuju murih saening isinipun buku punika, badhe katampi dêning pangimpun kanthi atur panuwun.

Pangimpun
S. Padmosoekotjo

Pitēdah cēkak pamaosipun Jawi-kina.

1. Aksara Latin ing Jawi-kina umumipun pamaosipun sami kaliyan ing Jawi-enggal.
2. Vokal kawaos limrah: *a, i, ē, u, e, o*.
3. Vokal kawaos panjang: *ā, ī, ö* (*ē* panjang), *ū, ai* (kados *e* panjang), *au* (kados *o* panjang).
4. *r* kawaos *rē* (aksara Jawi sandhangan kērēt).
5. *a = a* ing basa Indonesia.
6. Aksara mahaprana: *kh, dh, th, ch, jh, ph, bh, gh, ç, a*, kawaos mawa abab kathah.
7. *s = s* nanging langkung ngêssê. *ç = s* langkung ngêssê malih.
8. *n = n*. Nanging *n* mawa abab kathah.
9. *ñ = ny* ing basa Indonesia.
10. „nya” ing aksara Jawi  Yen „nya” ing basa Indonesia = 
11. Pamaosipun Jawi-kina awêwaton çästra-lampah. Aksara péjah (sêsigêg) ing wêkasan ing têmbung gêsang malih, yen têmbung ing candhakipun apurwa vokal. Tuladhanipun:

Awighnam astu.	Awighnamastu.
Sang Uttari.	Sanguttari
Akonaku mājar i.	Akonaku mājari.
Wukir mwang alas.	Wukir mwangalas.

Cêkap sémanten minangka ancér-ancér pamaosipun Suluk abasa Jawi-kina.

1

ଜୀବନ କାହାରେ ଯୁଦ୍ଧରେ ଯୋଗୀ ହେଲା ତାଙ୍କୁ ମାତ୍ରାରେ

ପ୍ରସ୍ତର କାହାରେ ଯୁଦ୍ଧରେ ଯୋଗୀ ହେଲା ତାଙ୍କୁ ମାତ୍ରାରେ
 ପାତ୍ରରେ ଯୁଦ୍ଧରେ ଯୋଗୀ ହେଲା ତାଙ୍କୁ ମାତ୍ରାରେ
 ଯୋଗୀ ହେଲା ତାଙ୍କୁ ମାତ୍ରାରେ ଯୁଦ୍ଧରେ ଯୋଗୀ ହେଲା ତାଙ୍କୁ ମାତ୍ରାରେ
 ଯୋଗୀ ହେଲା ତାଙ୍କୁ ମାତ୍ରାରେ ଯୁଦ୍ଧରେ ଯୋଗୀ ହେଲା ତାଙ୍କୁ ମାତ୍ରାରେ
 ଯୋଗୀ ହେଲା ତାଙ୍କୁ ମାତ୍ରାରେ ଯୁଦ୍ଧରେ ଯୋଗୀ ହେଲା ତାଙ୍କୁ ମାତ୍ରାରେ

Lêng-lêng rāmya nikang çaçāngka kumêñar mangrêngga rūm ning puri, mangkin tan pasiring halêp ikang umah mās lwir murub ring langit; têkwan sarwwa manik tawingnya sinawung sâksât sékar ning suji, unggwan Bhānumati yanāmrêm alangö mwang nātha Duryyodhana.

Ing nginggil punika dipun-wastani sêkar (tembang) *Sardulawikridita*, têgêspun *dolanan sima*. Isinipun nyariyos-akên candraning kaendahanipun kadhaton Hastina ing wanci dalu, pinuju padhang rêmbulan.

Sêkar ing nginggil punika kangge ing sulukan laras slendro *pathet nénêm agéng* ing jêjér kawitan. Ingkang saklangkung mathuk lan mathis piyambak dipun-suluki makatêن punika, manawi jêjér kawitan nagari Hastina, sabab isinipun sêkar punika nyandra kaendahanipun kadhaton Hastina.

Katranganing tēmbung-tēmbungipun:

1. ଲେଂଲେଂ *lêng-lêng* = anglam-lami (Indonesia: mengasyikkan, menyebabkan orang terpesona).
 2. ରାମ୍ୟା *rāmya* = endah, nêngsemakên (Indonesia: indah, menawan hati).
 3. କାବାସୁନ୍ଦରୀ *caçāngka* (kawaos: sasangka) = rêmbulan.
 4. କୁମେନାର୍ *kumēñar* (kawaos: kumênyar) = sumorot, sumunar.
 5. ମଙ୍ଗରେଣ୍ଗା ରୁମ୍ ନିଂ ପୁରି *mangrêngga rūm ning puri* = ngrêngga kaëndahaniñg puri (kadhaton, kaputren).
 6. ମଙ୍କିଣ୍ହାନାହାନିଖିର୍ *mangkin tan pasiring* = saya tanpa tandhing, saya ora ana kang madhani (endahe).
 7. ହାଲେପିହାଲ୍ୟା ଉମାମା *halép ikang umah mās* = endahe suyasa kêncana.
 8. ଲୁର୍ମରୁବିଲାଙ୍ଗା ରିଂ ଲାଙ୍ଗିଟି *lwir murub ring langit* = pepindhane (omah mas kang sumunar iku) kaya murub ing langit.
 9. ତେକ୍ଵାନ୍ତା *tékwan* = sarta, lan maneh, apa maneh.
 10. ସର୍ବା ମାନିକ୍କା *sarwwa manik* = sêsotya maneka warni, sawarnining sêsotya (Indonesia: segala macam manikam).
 11. ତାଓିଂ *tawing* = tebeng, srawing; aling-aling? (Indonesia: tirai, tabir).

12. සිනාවුං *sinawung* = dipun-salut, linapis.
13. සුජි *suji* = I Èri, sunduk. II Sulaman, renda.
14. පෙනාක්කයෝ සිනාතික් සුජි *sākṣāt sēkar ning suji* = pêpindhanipun kados réroncening sêkar (kados sêkar rinonce).
15. මුද්‍රා පානුමාත්‍රී *unggwan Bhānumatī* = papan-padunung-anipun Bhānumatī (ing padhalangan: Banuwati).
16. යානාලුයුයායානි යේ නාතා දුර්යොදහන යානා *yan āmrēm alangō mwang nātha Duryyodhana* = manawi sare alelangen (sih-sinihan) kaliyan Prabu Duryyodhana.
17. එලංගා *langō* = endah, kaendahan, klangenan. එලංගා *alangō* = alelangan (sih-sinihan).

Suraosipun:

Endah anglam-lami (warninipun) rêmbulan ingkang sumunar ngrêngga mêmanising puri (kadhaton), (njalari) saya tanpa timbang (botén wontén ingkang nyameni) endahipun suyasa kêncana (griya êmas) punika, (sorotipun sumunar) pêpindhanipun kados murub ing langit; punapa malih tebengipun linapis sêsotya maneka warni ingkang pêpindhanipun kados sêkar rinonce, (ing ngriku) papan-padununganipun (Dewi) Bhānumatī, manawi sare alelangen kaliyan Prabu Duryyodhana.

2

ପ୍ରତି ହାତି କିମାତାଗାତ୍ମାଜନା କିମାତାଗାମ୍ବିନ୍ଦୁ
ମଲାଙ୍ଗା କିମାତା କିମାଯି ଅର୍ଥ କାମାଯ୍ବୀ ଅର୍ଥାଙ୍ଗା
ମିଳା ପାତାଙ୍ଗାନାମା ମାତ୍ର ମାତାଙ୍ଗା ମାତାଙ୍ଗାଯ୍ବୀନାମା
ମାପାଙ୍ଗା ମିଳାତା କିମାଯିଯେ କି କାମାଯ୍ବୀ ଏବଂ ଚତୁର୍ବିନ୍ଦୀ ॥

*Lêngêng gati nikang hawan sabha-sabha niking Hâstina,
samantara tékeng tégal Kuru narâryya Kṛṣṇân laku, sirang
Paraçurâma Kanwa Janakâdulur Nârada, kapanggih irikang
tégal milu ri kâryya sang Bhûpati.*

Sêkar ing nginggil punika nyariosakên Prabu Krênsna nalika dados dutanipun Pandawa tindak dhatêng Hastina, nêdyâ ngantêb tekadipun Korawa (Duryodhana) ingkang suraosipun: „Aluwung ngulungakên wêwênangipun Pandawa sapalihing nagari Hastina, punapa milih dumadosipun pêrang Bhârata-yuddha”.

Ing sêkar punika dipun-pratelakakêñ: 1 *Parasurama* (punika Rêsi Ramaparasu utawi Ramabargawa), 2 *Kanwa* (punika ugi Rêsi), 3 *Janaka* (punika Prabu Janaka Ratu ing Mithila ingkang manawi ing padhalangan sinêbut Ratu Mantili), sami ndherekakêñ Bathara Narada. Tiga-tiganipun (*Parasurama*, *Kanwa*, *Janaka*) sampun seda, lajêng *asalira dewa*.

Wondene ginaripun sêkar ing nginggil punika wonten ing

pagêlaran ringgit purwa kange sulukan ing *sasampunipun* sulukan *pathet nêñêm agêng*, ing saderengipun wiwit *ginêm*.

Katranganing têmbung-têmbungipun:

1. *ଲେଙ୍ଗେଂ lengêng* = endah, asri, nêngsêmakên.
2. *ଗତି gati* = kawontenan. *ହାଵାନ hawan* = margi.
3. *ଲେଙ୍ଗେଂ ଗତି ନିକାଙ୍ଗ ହାଵାନ lengêng gati nikang havan* = asri-nêngsêmakên kawontenaning marginipun.
4. *ଶବ୍ଦ sabha* = bangsal papan sarasehan, papan rêmbagan; pendhapa kraton.
5. *ଶାନ୍ତିରୁଷା samantara* = boten antawis dangu (Indonesia: sementara itu, segera sesudah itu).
6. *ତେଗଳ କୁରୁ têgal Kuru* = ara-ara Kuru (Indonesia: tanah lapang Kuru).
7. *ନାରାୟ୍ୟା narâryya* = *ନାରା nara* (tiyang) + *ଅର୍ଣ୍ୟା aryya* (minulya, sebutanipun darah luhur). Ing sêkar punika têmbung „*narâryya*” sami kaliyan: Prabu.
8. *ନାରାୟ୍ୟା କୃଷ୍ଣାଲକୁ narâryya Kṛṣṇān laku* = Prabu Kṛṣṇa ôlehe tindak, tindakipun Prabu Kṛṣṇa.
9. *କୃଷ୍ଣାଲକୁ Kṛṣṇān laku* = *କୃଷ୍ଣା Kṛṣṇa* + *ଅନାନ an* (ôlehe, anggenipun) + *ଲକୁ laku* = Kṛṣṇa anggenipun tindak, tindakipun Kṛṣṇa.
10. *ପାରାଚୁରାମାକାନ୍ଵୀଲାରି sirang Paraçurâma Kañwa ---*

= panjênênganipun Paraçuma, Kañwa, ---.

11. ଜାନକାଦୁଲୁର ନାରଦା Janakādulur Nārada = ଜାନକା Janaka + ଦୁଲୁର adulur (sêsarêngan) + ନାରଦା Nārada = Janaka sesaréngan kaliyan Nārada.
12. କାର୍ଯ୍ୟୀ kāryya = ayahan, padamêlan (Indonesia: tugas, pekerjaan).
13. ଭୂପତି Bhūpati = ଭୂ bhū (bumi) + ପତି pati (pangagêng) = raja, ratu.

Suraosipun:

Asri-nêngsêmakên kawontênanipun margi ingkang (ngênér) dhatêng bangsal (papan pirêmbagan) Hastina. Sarêng tindakipun Prabu Kṛṣṇa dumugi ing ara-ara Kuru, panjênênganipun kêpanggih (kêpêthuk) kaliyan Paraçurama, Kañwa lan Janaka (ingkang sampun sami asalia dewa) sêsarêngan kaliyan (Batara) Nārada; (sakawan punika) sami tumut mbiyantu pakaryanipun (tugasnya) Sang Prabu.

3

၁၃။ မျှောက်သာယူရှုံး၊ ဘဏ္ဍာ။ ကာလေး ဖြစ်တော် ဆာ။
မြန်မာ ရေ စာ၌ ဖြော်ရှုံး မိမိမြတ်ပေါက်မှု မျှောက်သာယူရှုံး၊
မြန်မာပါး မျှောက် ပေါ့ မြတ်ပို့၏ အမျိန် မြတ်သာယူရှုံး၊
မြန်မာရေ မျှောက် ပေါ့ မြတ်ပို့၏ အမျိန် မြတ်သာယူရှုံး၊
မြန်မာရေ မျှောက် ပေါ့ မြတ်ပို့၏ အမျိန် မြတ်သာယူရှုံး၊

Irika ta sang Ghaṭotkaca kinon mapagārkkasuta, tēkap ira Kṛṣṇa Pārtha manēhēr muji cakti nira, sang inujaran wawang masēmu garjita harṣa marēk, mawacana bhagya yan hana pakon ri patik nrpati.

Sêkar ing nginggil punika nyariyosakên nalika Sang Ghaṭotkaca (ing padhalangan: Gathutkaca) kadhawuhan dêning Prabu Kresna ndikakakêن lumawan kroðhanipun Sang *Karna* utawi Sang Arkkasuta, inggih Sang Suryaputra (wontên ing madyaning pêrang Bhāratayuddha ing dintên ingkang kaping XIV).

Ginanipun sêkar punika ing pagêlaran ringgit purwa kangge „ada-ada grêgêt-saut” ing pathet sanga.

Katranganing tēmbung-tēmbungipun:

1. የኩቃዎች *irika* = ing wêkdal punika, ing nalika punika (Indonesia: ketika itu, maka).
 2. ማጥቃሪያ ቁጥር *Ghaṭotkaca* = ማቻ ጊዜ *ghaṭa* (kuwali) +

ဗျော်သာ *utkaca* (sirah, rambut ing sirah?) = ingkang sirahipun awangun kados kuwali. ဗြော် *ut* = nginggil, puncak. ဘာသာ *kaca* = rambut.

3. လိမ့်စော်ဘု။ *kinon* = ဖုစ္ခားဘု။ *kon* + sêselan ဣာဘု။ *in* = dipun-dhawuhi.
4. မပာဂားမူးဘု။ *mapagārkkasuta* = မပာဂား *mapaga* (supados ngalawan) + အော်မူးဘု။ *arkkasuta* (putranipun Arkka. Bathara Arkka punika Bathara Surya. Dados: Arkkasuta punika kajêngipun putranipun Bathara Surya, inggih punika Sang Karna).
5. အော်မူး / (Sang Hyang) *Arkka* = Aditya, Aruna, Surya, (Dewaning) srêngenge.
6. ဣာဘု *ira* = panambang tumrap „*sira*” (pratama-purusa utawi: orang ketiga), limrahipun dipun-jarwakakêñ „*panjénênganipun*”.
7. ဒေါ်ဘု။ *tēkap* = dêning (Indonesia:oleh).
8. ဒေါ်ဘုပိုဘာ ဘုံမူး *tēkap ira Kṛṣṇa* = dêning panjênênganipun (Prabu) Kṛṣṇa.
9. မျှော် *muji* = mangalêmbana.
10. ကျော် နိုဘာ *çakti nira* = kasêktening panjênênganipun, inggih punika kasêktening Ghaṭotkaca.
11. မတော်နော်ဘု။ *sang inujaran* = ဗြော်ဘု။ *ujar* + sêselan

ଇନ୍ ପାନମଙ୍ଗ ଅନ୍ = ingkang dipun-dhawuhi (inggih punika Ghaṭotkaca).

12. ଓପ୍ପା ପାନମଙ୍ଗ = tumutêñ, enggal-enggal, sanalika punika ugi.
13. ମାସେମୁ *masēmu* = katingal radi, katingal kados.
14. ଗର୍ଜିତା *garjjita* = I Suka-rena, *mongkog* manahipun. II Kêndêl sangêt, tatag-tanggon. III Angkuh.
15. ହର୍ଷା *harṣa* = sênêng, gembira.
16. ମାର୍ଯ୍ୟାକୁ *marék* = nyêlak, ngadhêp (Indonesia: mendekat, datang menghadap).
17. ମାଵାକାନା *mawacana* = wicantêñ, matur.
18. ଭାଗ୍ୟ *bhagya* = bêgja (Indonesia: berbahagia).
19. ଯାନ୍ *yan* = I Amargi, jalaran. II Yen (manawi). III Mbokmanawi (Indonesia: kalau-kalau). IV Bilih (Indonesia: bahwa). V Ing basa Indonesia kalêbêt „kata pementing: *lah*“.
20. ପାତିକୁଣ୍ଠାତିକୁ *patik* = salugunipun atêgêš: abdi, kawula (Indonesia: budak, hamba).
21. ପାତିକୁଣ୍ଠାପାତିକୁ *patik nṛpati* = abdining ratu (budak raja), inggih punika: *aku* (Ngoko) = Krama inggil: kawula, adalêm (abdi-dalêm).

Suraosipun:

Ing nalika punika Sang Ghaṭotkaca kadhwuhan lumawan putranipun (Bathara) Arkka (inggih punika ingkang apēparab Karna) dêning panjénênganipun Prabu Krêsna; Pârtha (Arjuna) lajêng mangalêmbana dhatêng kaséktenipun (Ghaṭotkaca). Ingkang dipun-dhawuhi (inggih punika Sang Ghaṭotkaca) sanalika punika ugi katingal *mongkog* panggalihipun, (kanthi) gembira marak (dhatêng Prabu Krêsna) matur (makatêن): „Kawula rumaos bêgja, amargi wontên dhawuh (paduka) dhatêng kawula”.

4

፡ ၃။ မြန်မာတေသနပုဂ္ဂနဲ့ အောင် ၂၄။ မြန်မာတေသန ၁၀၁။

Meh rahiñāsēmu bāng hyang aruña kadi netra ning ogha rapuh, çabda ni kokila ring kanigara sakêtér ni kidung ning akūng, lwir wuwus ing winipañca papêtak ing ayam wana ring pagagan, mrâk anguhuh bhramarângrabhasa kusuma ring parahasyan arûm.

Cathētan: Tembung „ogha rapuh” akeh dhalang kang kliru „angga rapuh”.

Ing nginggil punika dipun-wastani sêkar *Wisarjita*, isinipun nyariyosakên candraning alam ing Hastina ing wanci dalu ngajêngaken gagat rahina. Nalika punika Prabu Krênsna dutanipun Pandawa nyare wonten ing suyasa padalêmanipun Sang *Widura*, dereng nindakakênyaya hanipun rêmongan kaliyan Korawa. Dados, Prabu Krênsna dereng priksa antêbing tekadipun Korawa (*Duryodhana*) „*aluwung ngulungakên wêwêñangipun Pandawa sapalihing nagari Hastina, punapa milih dumadosipun pérang Bhâratayuddha*”.

Wonten ing pagêlaran ringgit purwa sêkar *Wisarjita*
punika kangge sulukan *pathet manyura*.

Tembung „*manyura*” punika asalipun saking tēmbung Kawi utawi Jawi-kina (aslinipun saking basa Sangsékêrta) „*mayura*”. Têgêsiipun: pêksi „*merak*”. Dados, pathet „*manyura*” têgêsiipun pathet „*merak*”. Milanipun dipun-wastani pathet „*manyura*” utawi pathet „*merak*”, sabab pathet punika panganggenipun manawi sampun *pérak enjing*, watawis wiwit jam 03.00 dalu. Pagêlaran ringgit purwa (ringgitan) punika kêdahipun dipun-tindakakén ing wanci dalu, kintén-kintén wiwit jam 21.00. Panganggenipun pathet: jam 21.00 – jam 24.00 pathet *nénêm*, jam 24.00 – jam 03.00 pathet *sanga*, jam 03.00 – jam 06.00 pathet *manyura*.

Katranganing tēmbung-tēmbungipun:

၁. မြန်ၾၭ ဘပါးမာ meh rahina = (wancinipun) ndungkap raina, meh siyang.
 ၂. မြန်ၾၭ ဘပါးမာ။၏၈၅၂။ meh rahināsēmu bāng = မြန်ၾၭ meh

(ndungkap) + ရာဟန *rahina* (siyang) + အဆေးမျှ *asemu* (radi) + ဘင်္ဂ *bāng* (abrit) = (wancinipun) ndungkap siyang, (ing sisih wetan langitipun katingal) radi abrit.

3. ဟျော့ရာနာ *Hyang Aruṇa* = Hyang Arkka, Hyang Aditya, Hyang Surya = srêngenge.
4. ဗျာ *ogha* = sésakit mripat.
5. ဗျာဗျာ *rapuh (rapu)* = kêsêl, lêsu, lungkrah, nglokro.
6. အေဒါး ဖူမာ(အော့) နိုတေသန ဗျာဗျာ *kadi netra ning ogha rapuh* = kados (abritipun) mripat ingkang (nglérési) sakit.
7. ဗုဏ္ဏာနီ *kokila* (Bausastra J.F.C. Gericke – T. Roorda: de zwarte of Indische koekkoek) = pêksi êngkuk.
8. ကယ်ယော နို ဗုဏ္ဏာနီ *çabda ni kokila* = swantêning pêksi êngkuk, ocehing pêksi êngkuk.
9. ရို့ကြိုကာ *ring kanigara* = ing wit kanigara.
10. အော်အော် *kêtér* = gêtêr (Indonesia: getar, geletar). ဆော်ဆော် *sakêtér ni* = kados gêtêripun, kados pangrêng-iking, kados pangrêngihipun.
11. မဲ့ယံ့ *kidung* = têmbang (Indonesia: nyanyian, syair).
12. မဲ့ *kūng* = sakit asmara, sakit brangta, kandhuhan rimang, kasmaran.
13. အော်အော် *akūng* = ngalami kasmaran, nandhang brangta (Indonesia: menderita sakit asmara, jatuh cinta).

14. සකේතේර් නිජාත් සිඟාහ් sakêtér ni kidung ning akung = kados pangrêngiking kidungipun tiyang kasmaran utawi nandhang brangta.
 15. මිනිපයා විනිපාන්චා winipañca = sulingipun tiyang Indu.
 16. යුවුලුව් මිනිපයා lwir wuwus ing winipañca = kados suwantêning sulingipun tiyang Indu.
 17. පපේතක නිජායාවහා papētak ing ayam wana = klurukipun ayam-wana, cêkikêripun ayam-wana.
 18. පපාගඟා pagagan = papan (pasiten) ingkang kata-nêman gagî (Indonesia: perhumaan).
 19. මුකාජුහු mrâk anguhuh = pêksi mérak nyêngungong (ngundang-undang).
 20. බ්‍රහ්මානුජාව මුශ්‍ය කුසුමා bhramarāngrabhasa kusuma = බ්‍රහ්මානුජා bhramara (kombang, tawon) + මුශ්‍ය angrabhasa (mangrurah, ngrisak) + කුසුමා kusuma (sêkar) = kombang (tawon) mangrurah sêkar.
 21. රාහාස්‍යා rahasya = I Wêwados (Indonesia: rahasia). II Pawestrenan (Ngoko: pawadonan).
 22. පරාහාස්‍යා parahasyan = sênthong patilêman, kamar pasarean (Indonesia: kamar tidur).
 23. පරාහාස්‍යාරූමා parahasyan arûm = kamar pasarean wangi, endah (Indonesia: kamar tidur harum).

Suraosipun:

(Wancinipun) meh ndungkap raina, srêngenge (langit ing sisih wetan) katingal sêmu abrit, kados (abritipun) mrípat (ingkang nglérési) sakit, ocehing péksi êngkuk ing wit kanigara kados suwantên pangrêngiking kidungipun tiyang nandhang brangta. Pindha ungeling sulingipun tiyang Indu cêkikéring ayam-wana ing pagagen: péksi mérak nyêngungong undang-undang, kombang (tawon) mangrurah sêkar ing kamar pasarean wangi (endah).

Cathetan:

Miturut Oudjavaansch – Nederlandsche woordenlijst door Dr. H.H. Juynboll, tēmbung Jawi-kina „*parahasyan*” atēgēs „*sleepvertrek*” (basa Walandi) = Indonesia: kamar tidur. Jawi: sēnthongh patilēman, kamar pasarean.

5

*Jahni yāhning talaga kadi langit, mambang tang pās wulan
upama nikā, wintang tulyang kusuma ya sumawur, lumrā
pwekang sari kadi jalada.*

Ing nginggil punika namanipun sêkar *Bhramarawilasita*, têgêspipun: Kombang botên tênrêm. Isinipun *nyandra* kawon-tênanipun Suwêlagiri (ardi Suwêla). Suwêlagiri punika dununging pasanggrahanipun *Sang Ramawijaya* sawadyabalnipun wanara, nalika *Langka* (ing padhalangan: Ngalengka) lumawan Prabu Dasamuka sawadyabalnipun.

Wonten ing pagêlaran ringgit purwa ginanipun sêkar *Bhramarawilasita* punika kangge sulukan *pathet manyura jugag*, kangge singgêtan bêdholan utawi kangge nyêlani pathet manyura wantah.

Katranganing têmbung-têmbungipun:

1. **ꦗꦻꦤි** *jahnî* = Jahnawi = toya, ugi atêgês: bêngawan Gangga.
2. **යාහ්නි** *yâhning* = ya (Indonesia: ia) + **අහ්නි** *ahning* (bêning).
3. **ජාහ්නි යාහ්නි** *jahnî yâhning* = toyanipun bêning.
4. **තළග කඩි යැලිගු** *talaga kadi langit* = tlaga (wiyaripun ngilak-ilak) kados langit.
5. **මංඡ** **ඕත්** **බඳුවු** *mambang tang pâs* = kumambang bulusipun.
6. **වුලාන නිකා** *wulan upama nikâ* = pêpindhanipun kados rêmbulan. Ingkang dipun-pêpindhakakén kados rêmbulan punika bundêring badanipun bulus ingkang wonten ing tlaga punika.

7. କିଣ୍ଟୁ ଅସ୍ତ୍ରୀ ଅସ୍ତ୍ରା ଯା ଅମାଲ୍ଟା *wintang tulyang kusuma ya sumawur* = kados lintang-lintang (ing langit) pêpindhanipun sêkar-sêkar ingkang sumawur.
8. ଅଳ୍ପା *lumrā* = sêmabar (Indonesia: terserak).
9. ଷାରି *sari* = I Sêkar. II Sarinipun sêkar (Indonesia: tepung sari).
10. ଅଳ୍ପା ପ୍ରାଣୀ ଷାରି ଆଦି ଅନ୍ଧାର *lumrā pwekang sari kadi jalada* = sarining sêkar ingkang sumêbar pêpindhanipun kados mega.

Suraosipun:

Toyanipun (tлага ing Suwêlagiri) bêning, (jêmbaripun) tлага (ngilak-ilak) kados langit; bulusipun kumambang, (bundéring badanipun bulus punika) pêpindhanipun kados rêmbulan. Kados lintang-lintang (ingkang anjrah ing langit) pêpindhan sêkar-sêkar ingkang sumawur, sari-sarinipun sêkar (Indonesia: tepung sari) sumêbar kados mega.

Cathetan:

Têmbung-têmbung „*mambang tang pas*” (bulusipun kumambang), kathah dhalang ingkang klintu „*kembang tapas*”, satêmah lajêng tanpa têgês.

6

፡ ၄။ မြန်မာဘာသာ အတွက် အမျိုးအစား မြန်မာ အမျိုးအစား

ເມືອງຫຼວງພະບາງ ແກ້ວມະນີ ເມືອງຫຼວງພະບາງ(ເງົາ) ທີ່ ບຸນຍືນທາງ
ແຂວງຫຼວງພະບາງ ແລ້ວ ປູ້ຜ່ານ ພິຈາກ ແກ້ວມະນີມີກໍາ ຈາກ
ໂຄບ້າເງົາທີ່ມາເຕັມສີເກົ່າ ອົດຖານວິໄລ ເພື່ອປັບປຸງຫຼວງ
ການພັດທະນາ ປະເທດ ດັ່ງນີ້
ໂຄບ້າເງົາທີ່ມາເຕັມສີເກົ່າ ອົດຖານວິໄລ ເພື່ອປັບປຸງຫຼວງ

Tatkālan nr̥pa Kṛṣṇa tan tulus añakra ri ḫ̥siwara Jāhnawīsuta, ngkā munggah sira kālih ing ratha tēhēr tumihangakēn ikang çarottama, tan wyarthān magawe pupug ni guna sang ḫ̥si lēsu mari kātarojwala, tēkwan puh lumihat ri sang wara Çikaṇḍi karana ni gupe nirālaga.

Sékar ing nginggil punika nyariyosakén sapéranganing kawontenan ing madyaning Bhāratayuddha dintên ingkang kaping X. Ing dintên punika Mahasenapati Bhisma (Dewa-brata) liwung pangamukipun, ngantos wadyabala Pandawa kathah ingkang péjah. Ing mangka Arjuna, sanajan sampaun dipun-dhawuhi dêning Prabu Krēsna supados tumutên mrajaya Mahasenapati punika, dereng karsa nglêpasakén sanjata pamungkas. Ing sêmu Arjuna botên/dereng mèntala mrajaya Rêsi Bhisma. Awit saking punika, Prabu Krēsna ingkang sampaun prasêtya botên badhe tumut nyalirani pérang lan botên

badhe ngrênggêp sanjata, saking muntabing panggalihipun, jlêg têdhak saking kreta musthi sanjata *Cakra* nêdyâ mrajaya Mahasenapati Bhisma. Nanging lajêng dipun-tututi Arjuna, dipun-pênggak tuwin dipun-engêtakên sampun ngantos kela-jêng nêrak prasêtyanipun.

Wonten ing pagélaran ringgit purwa sêkar punika limrahipun dipun-êngge *Sêndhon Sastradalan*.

Têgésing têmbung-têmbungipun:

1. ගො ගුවයා *tatkāla* = nalika.
 2. ගුපා *nṛpa* (*nṛpati*) = Ratu. ගුණුපා *nṛpa Kṛṣṇa* = Prabu Kṛṣṇa.
 3. ගොයුයා *tulus* = saestu, siyos. ගානුයුයා *tan tulus* = botēn saestu, botēn siyos, sande (wurung).
 4. ව්‍යාග්‍රාම (ඡැ) *añakra* = namakakēn sanjata cakra, nyakra.
 5. පූහුගාරා *rśiwara* = Rēsi linangkung, Rēsi pinunjul, Rēsi agung.
 6. ජාහ්න්වී *Jāhnawī* = bēngawan Gangga, utawi atēgēs: Dewi Gangga.
 7. ජාහ්න්වීයඟා *Jāhnawīsuta* = putranipun Dewi Jāhnawī, putranipun Dewi Gangga, inggih punika Sang Dewabrata utawi Rēsi Bhisma.
 8. ගුව *ngkā* = ing ngrika, lajēng (Indonesia: di sana, lalu, maka).

9. ତେହେର *têhér* = salajêngipun, sasampunipun makatêñ, lajêng, enggal-enggal.
10. ମୁଙ୍ଗାହ ପିଲା ରଥ ଯିମିତି ଜାଫା *munggah sira kālih ing ratha* = minggah panjênênganipun kêkalih ing kreta.
11. ତୁମିହଙ୍କାକେନ *tumihangakēn* = ngincêngakêñ (Indonesia: membidikkan).
12. ଚାରୋଟମା ଫ୍ରେଣ୍ଟା *çarottama* = ଚାରା *çara* (jêmparing) + ଫ୍ରେଣ୍ଟା *uttama* (linangkung, pinunjul, sae) = jêmparing linangkung.
13. ଓରାଥା *wyartha* = tanpa guna (Indonesia: sia-sia, tidak ada hasilnya).
14. ତାନ୍ ଓରାଥାନ୍ *tan wyarthān* = botêñ tanpa gina (Indonesia: tidak sia-sia), maksudipun: ingkang sinêdyâ botêñ mlesed, botêñ lêpat, sagêd kenging.
15. ପୁପୁଗ *pupug* = salugunipun atêgêš: papak, kêthul.
16. ମାଗାଵେ ପୁପୁଗ *magawe pupug* = njalari papak (kêthul) murugakêñ suda (sirna).
17. ମାଗାଵେ ପୁପୁଗ କଳଙ୍କଣି ଶଂ ର୍ଷି *magawe pupug ni guna Sang R̄si* = murugakêñ sudaning kalangkunganipun Sang Rêsi.
18. ମାରି *mari* = mantun, kêndêl (Indonesia: berhenti).
19. କାତାରୋଜ୍ଵାଲା *kātarojwala* = କାତାରା *kātara* (katি-

ngal) + ໜູ້ແລ້ວ ujwala (sorot, sunar, cahya) = katingal sumorot, katingal makantar-kantar.

20. ໂາຍີ່ ໂານເຫັນການຟຽບ mari kātarojwala = botēn katingal makantar-kantar malih.
21. ໝູ້ lēsu = lungkrah (jalaran saking kêsêlipun), tanpa daya.
22. ຕົກໄງ້ຄູ່ tēkwan = mandar, lan malih, punapa malih, punapa dene.
23. ປູ່ puh = sirna kêkiyatnipun, pêpês manahipun.
24. ໜູ້ອືບຕົວ (ົງ ສໍ ດາວໂຫຼວດສັກ) lumihat ri sang wara Çikanđi = ndulu (sumérêp) dhatêng sang linangkung Çikanđi (ing padhalangan: Srikandhi).
25. ໄງ່ພາ gupe (gupay) = kêsêl, ringkih, lêmês, lungkrah, kêndho.
26. ໂາຈາກໂດ ໄງ່ພາ ຄົກຈະຍາກາ karanya ni gupe nirālaga (*nira* + *alaga*) = njalari kêndho tandanging pêrangipun.

Suraosipun:

Nalika Prabu Krêsna sande (botēn siyos) namakakêñ sanjata cakra dhatêng Rêsi agung putranipun Dewi Jahnawi (inggih punika Rêsi Bhisma utawi Dewabrata), panjênêngan-ipun kêkalih (inggih punika Prabu Krêsna kaliyan Arjuna) lajêng minggah ing kreta (kreta pêrang), tumuntêñ (Arjuna) ngincêngakêñ jêmparingipun pinunjul. Botêñ lêpat (panjêm-paringipun Arjuna), njalari sudaning kalangkunganipun Sang

Rêsi (Bhisma), (satêmah) saliranipun lajêng lungkrah boten katingal makantar-kantar malih (sêmangatipun), mandar (lajêng) sirna kêkiyataniipun (sarêng) priksa Sang Wara Srikandhi, mahanani kêndho tandanging pêrangipun.

7

Niyata laruta sakweh ning yodhā sakurukula, ya tan angutusa sang çri Bhiṣma Droṇa sumuruda, tuwi pêtēng i walēk ning reñwangde lēwu wulangun, wêkasan awa têkap ning râh lumrāmadéti lêbū.

Sékar ing nginggil punika nggamarakén kawonténan-ipun Bharatayuddha ing dintén kaping II, Pandawa lan Korawa samidene apacak baris *Garudawayuha*, nanging botén antawis dangu barisanipun Korawa risak abosah-basih kêtrajang panga-mukipun Arjuna lan Bhima, kathah wadyabala Korawa ingkang péjeh.

Wonten ing pagélaran ringgit purwa sêkar punika limrahipun kangge *ada-ada jugag pathet manyura*, kirang-langkung namung dunugi tengah-tengahipun sloka sampun

kendêl, dipun-pungkasi sarana kombangan „O”.

Tégésing témbung-témbungipun:

1. නියතා *niyata* = tartamtu, mêtthi.
2. පාරුජු *larut* = larut-mirut, sirna-gêmpang, tumpê-s-tapis, têlas babar-pisan. පාරුජු *laruta* = badhe brastha, badhe têlas babar-pisan.
3. සගුන්‍යා *sakweh ning* = sagunging, sanggyaning, sadaya.
4. යුදහා *yodhā* = pêrajurit.
5. කුරුකුලා *kurukula* = têdhak-turunipun Kuru, inggih punika ingkang sinêbut *Kurawa*.
6. සකුරුකුලා *sakurukula* = sadaya têdhak-turunipun Kuru, sadaya Korawa.
7. යා *ya* = I Manawi. II Piyambakipun. III Punika. IV Jalaran (amargi).
8. කුරු *Kuru* (Prabu Kuru) punika têdhakipun Prabu Bharata turun kaping 7. Inggih Prabu Kuru punika ingkang yasa Têgal Kuru (ara-ara Kuru): lan inggih Sang Kuru punika ingkang mahanani wontenipun témbung „*KORAWA*”, tégésipun: têdhakipun Kuru. Wondene Prabu Kuru punika putranipun Prabu Sambrana (Samwarana) ingkang miyos saking prameswari widadari Dewi Tapati. Sang Dewi

punika putranipun Bathara Surya.

9. ໜ່າງໝູ້ *utus* = dhawuh. ໜ້າງໝູ້ *angutus* = ndhawuhi, mréntahi.
 10. ສູຮູດ *surud* = mundur, mlajêng. ສູມັງກ *sumuruda* = supados mundur.
 11. ຫຼວຍ *tuwi* = lan malih, punapa malih, punapa dene.
 12. ວາລີກ *walék* = kumêlun, mulêk (Indonesia: polang-paling, berhamburan).
 13. ເຮັງວັງແຈ *renwangde* = ເຮັງອຸງ *renu* (lêbu) + ແຈ້ງຈັກ *angde* (njalarí) = lêbu ingkang njalarí.
 14. ເງົງ *lêwu* = agêng, kaduk sangêt (Indonesia: amat sangat).
 15. ວຸລັງກ *wulangun* = bingung, kabingungan, bilulungan.
 16. ຕັກະວັດຕ ຊືກະບິ່ງ ນຳງ *wêkasan awa têkap ning râh* = wasananipun padhañg dêning (abritipun) rah.
 17. ໜູ້(ງານົມັດເຫີ) ເງົງ *lumrâmađeti lêbû* = ໜູ້(ງ) *lumra* (sumêbar waradin) + ແຈ້ງຈັດເຫີ ເງົງ *amađeti lêbû* (njalarí padhêtipun lêbu, satêmah lêbu botên mulek-kumêlun).

Suraosipun:

Tartamtu badhe sirna-gêmpang tumpês-tapis sagunging prajurit (wadyabala) Korawa, manawi Sang Bhisma lan Drona botên ngabani „mundur”, punapa malih (nalika santantên) pêtêng dêning kumêluning lêbu ingkang njalari (para prajurit

Korawa) saklangkung bingung pating bilulung: wasananipun (lajêng) padhang dêning (ilinipun) rah ingkang sumêbar (sumrambah) adamêl padhêting lêbu (ngantos lêbu botên kumêlun malih).

8

፡ ፩፡ ॥ የዚግባር ማሸጭ እና ማሸጭ ቅ፡ ፩፡ በሙሉ አላ፡ ዘመን

Kilyan sangka rikā ta tāman arēpat rehnyābale kāñcana, çobhābhṛā mahēning pawal natar ikārok mutyahārārara; waidūryyāmaranīla bapra ni pagēr tuñjungnya mantēn lumōng, muntab hintēn i gopuranya macawintēn sūryyakānto-jiwala.

Ing nginggil punika namanipun sêkar Sardulawikridita, têgêsiipun: *dolanan sima*, punika sambêtipun sloka ingkang kasêbut ing angka 1 (ngajêng piyambak). Isinipun nyari-yosakên kaendahaning taman ing Hastina (ingkang manawi wonten ing padhalangan kawastanan taman Kadilêngêng).

Wontên ing pagêlaran ringgit purwa sêkar punika kangge sulukan *pathet manyura ageng*, limrahipun ing sasuwukipun gendhing *Damarkeli*, kadhatonan Hastina prameswari Dewi Banuwati.

Katranganing têmbung-têmbungipun:

1. 𠂔[ၢ]𠀤[ၢ] *kilyan* = dadosipun têmbung Jawi-enggal (krama): kilen, ngoko: kulon.
2. 𠂔[ၢ]𠀤[ၢ]-[ၣ] 𠀤[ၣ] *kilyan sangka rikā* = mangilen saking ngriku, ing sakilening punika (maksudipun ing sakilenipun kadhaton Hastina).
3. 𠀤[ၣ]𠀤[ၣ] *tāman* = I Patamanan. II Sami kaliyan „tan” = botên.
4. 𠀤[ၣ]𠀤[ၣ] *arēpat* = kêmpal; wontên, samékta (Indonesia: hadlir).
5. 𠀤[ၣ]𠀤[ၣ] *rehnyā* = pranatane, pasang-rakitipun.
6. 𠀤[ၣ]𠀤[ၣ] *bale* = griya. (Griya ingkang dumunung ing patamanan namanipun: *pantisari*.)
7. 𠀤[ၣ]𠀤[ၣ] 𩶛[ၣ]𩶛[ၣ] *bale kāñcana* = griya êmas, pantisari êmas.
8. 𠀤[ၣ]𠀤[ၣ] 𠀤[ၣ] *cobhābhṛā* = 𠀤[ၣ]𠀤[ၣ] *cobha* (bagus, endah, asri) + 𠀤[ၣ] 𠀤[ၣ] *abhra* (endah, sumorot) = endah sangêt, endah anglam-lami (Indonesia: indah permai).
9. 𠀤[ၣ]𠀤[ၣ] *pawal* = krikil (Indonesia: batu kerikil); jinisipun

sêsutya.

10. නටර natar = plataran ing sangajêngipun griya (Indonesia: halaman muka).
11. ණාකාරොක ikārok = එක ika (punika) + අරොක arok (awor, campur, worsuh dados satunggal) = punika campur kaliyan.
12. මුත්යාහාරාරාරා mutyahārāraras = මුත්යාහාරා mutyahāra (mutyara) + අරාරාස araras (endah, nêngsêmakên) = mutyara endah-nêngsêmakên.
13. වැයුයි waidūryya = Jawi-enggal: widuri, jinising sêsutya ingkang awarni biru.
14. වැයුයිමාරානිලා waidūryyāmaranīla = වැයුයි waiduryya (widuri) + මාරානිලා amaranīla (ugl) jinisipun sêsutya ingkang awarni biru).
15. පාපු bapra = tembok, pagêr tembok.
16. තුජ්ං tuñjung = jinisipun trate (awarni abrit).
17. මාන්තේn mantēn = mirah, inggih punika jinisipun sêsutya ingkang awarni abrit.
18. එමෝn lumōng = sumorot, sumunar.
19. මුන්තාබ්හින්තේn ගොපුරානා muntab hintēn i gopuranya = sumunar (gumêbyar) intêن ing gapuranipun.
20. කාවින්තේn cawintēn (= cawiri) = rêtênggan awujud barang

ingkang dipun-tatah. (Rêca?) Indonesia: perhiasan berujud barang yang dipahat. (Arca?)

21. *ସୁର୍ଯ୍ୟକାନ୍ତା* *sūryyakānta* = jinisipun sêsotya ingkang sae sanget (pinunjul), saweneh wonten ingkang nêgêsi: hablur.
22. *ସୁର୍ଯ୍ୟକାନ୍ତୋଜ୍ଵଳା* *sūryyakāntojwala* = *ସୁର୍ଯ୍ୟକାନ୍ତା* + *ୱେଜ୍ବଳା* (*sêsotya linangkung, hablur*) *ujwala* (sorot, sumorot).

Suraosipun:

Ing sakilenipun punika (inggih punika ing sakilenipun kadhaton Hastina) wonten patamanan mawi pantisari êmas (bale kancana) ingkang saklangkung endah anglam-lami. Krikil-krikil asorot bêning ingkang sumêbar ing plataran campur kaliyan mutyara, katingalipun endah sangêt. Pageripun tembok rinêngga widuri lan amaranila (sêsotya awarni biru) lan (pêpêthan) tunjung saking mirah mancorong (sumorot). Pating glebyar sorotipun intên rérêngganing gapura, rêca-rêcanipun rinêngga suryakanta sumorot.

9

ଶବ୍ଦ: ॥ ଅର୍ଜୁନାଯୁଧୀ ଯାତ୍ରୀ :ଗାନ୍ଧୀ : ପ୍ରକୃତିହାତା :ଗାନ୍ଧୀ ॥

ଯୁଦ୍ଧରେତ୍ରା ପାତ୍ରରେତ୍ରା ମାତ୍ରାରେତ୍ରା ପାତ୍ରା ଚି ଶିଳ୍ପି
ଯୁଦ୍ଧରେତ୍ରା ମାତ୍ରାରେତ୍ରା ମାତ୍ରାରେତ୍ରା ପାତ୍ରା ଚି ଶିଳ୍ପି
ଯୁଦ୍ଧରେତ୍ରା ମାତ୍ରାରେତ୍ରା ପାତ୍ରା ଚି ଶିଳ୍ପି
ଯୁଦ୍ଧରେତ୍ରା ମାତ୍ରାରେତ୍ରା ପାତ୍ରା ଚି ଶିଳ୍ପି

Mulat mara Sang Arjjunāsēmu kamānuṣan kāsrēpan ri tingkah i musuh nirān pada kadang taya wwang waneh, hana pwa ng anak ing yayah mwang ibu len uwānggēh paman, makādi nrpa Çalya Bhīṣma sira sang dwijānggēh Guru.

Sekar ing nginggil punika nyariyosakêن *mangu-manguning panggalihipun Arjuna* anggenipun badhe mangsah pérang ing Bhāratayuddha, sarêng priksa bilih mēngsah-mēngsahipun ingkang kēdah dipun-brastha punika taksih kadang-kadeyanipun piyambak, para pinisêpuhipun tuwin para (tilas) Gurunipun. Amargi panggalihipun saklangkung trênyuh lan rumaos botén mēntala mrajaya mēngsah-mēngsahipun, Arjuna lajêng nyuwun dhatêng Prabu Krêsna supados Bhāratayuddha dipun-sandekakêن kemawon.

Kasêbat ing sêkar Bhagawadgita, awit saking sangêting trênyuh lan karêrantaning panggalihipun, sasampunipun mrik-sani mēngsah-mēngsahipun, Arjuna lajêng ambruk kapidhara wontên ing salêbêting kretanipun. Sarêng sampun engêt purwa-duksina, Arjuna lajêng dipun-sulang-sulangaken dêning Prabu

Krêsna bab „DHARMANIPUN SATRIYA” lan dipun-wejang ing babagan SANGKAN – PARAN. Wasananipun Arjuna lajêng katetangi panggalihipun, madêg suraning panggalihipun nedya mbrastha mèngsah-mèngsahipun.

Wontên ing pagêlaran ringgit purwa sêkar punika kangge sulukan (ada-ada) adêgan Arjuna.

Katranganing têmbung-têmbungipun:

1. ମୁଲାତ୍ mulat (ମୁଲାତ୍ ulat + sêsêlan ଉମ୍ um) = ndulu, ningali, noléh.
2. ମରା mara (têmbung *lingga*, sanes têmbung andhahan ingkang saking *lingga* „para“) = kalêbêt „partikel pementing“ kangge nyangêtakênen suraos.
3. ଶଙ୍କର୍ଜନାସେମୁ Sang Arjjunâsêmu = ଶଙ୍କର୍ଜନା Sang Arjuna + ଅସେମୁ asêmu (katingal kados, katingal radi).
4. ମାନୁଷୀ mânusa = manungsa, tiyang. କାମାନୁଷାନୀ kamānuṣan = (Walandi: aangedaan, geroerd, vîrbaasd) mêsakakênen, trênyuh manahipun, gumun.
5. କାସରେପାନୀ kâsrêpan (ka + srêp/sérêp + an) = trênyuh, karêrantan panggalihipun (Indonesia: pilu hati).
6. ତିଙ୍କାହୀଁ tingkah = kawontenan, dhapukan, tatanan (Indonesia: keadaan, susunan, peraturan).
7. ପାଦାପାଦା pada kadang = sadaya (kaprênah) sadherek.
8. ତାୟାବୁଲ୍ ବାଣାୟାଁ taya wwang waneh = boten wonten

tiyangipun sanes (botên wontên ingkang sanes sadherek).

9. ဟାନ ପୁଅଣ୍ଡା ହାଯ୍ ମୁଣ୍ଡା *hana pwa ng anak ing yayah mwang ibu* = wontên kaponakan saking pancêr jalêr (saking bapa) lan saking pancêr estri (saking ibu).
10. ତ୍ୟାଗୀ *len* = lan, ugi, sanes (sanesipun).
11. ଶ୍ରୀଷ୍ଟିଙ୍କୁ *anggêh* = sêsambeutanipun sadherek kaprênah ... (Indonesia: pertalian saudara).
12. ତ୍ୟାଗ୍ୟତ୍ୱାଷ୍ଟ୍ରୀ ପାମାଣୀ *len uwânggêh* (*ଏତୁ uwa + ଶ୍ରୀଷ୍ଟିଙ୍କୁ anggêh*) *paman* = lan ugi ingkang kaprênah uwa sarta paman.
13. ମାକାଦି *makâdi* (ମାକା *maka* + ଶ୍ରୀଦି *adi*) = langkung-langkung (Indonesia: terutama); kadosta.
14. ସିରା ସଂ ଦ୍ୱିଜାଷ୍ଟ୍ରୀ ଗୁରୁ *sira sang dwijânggêh* (*ଦ୍ୱିଜ dwija + ଶ୍ରୀଷ୍ଟିଙ୍କୁ anggêh*) *Guru* = panjénênganipun Sang Pandhita punika kaprênah Guru.

Suraosipun:

(Nalika) mriksani (mêngsa-mêngsahipun ingkang wontên ing barisan Korawa) Sang Arjuna katingal sajak trênyuh lan karêrantan panggalih-ipun, jalaran kawontênaning mêngsa-mêngsahipun (ingkang badhe linawan ing madya-nining pêrang Bharatayuddha), sadaya kaprênah kadang-kadaya-nipun piyambak, botên wontên tiyangipun sanes (ingkang sanes sadherek): wontên ingkang kaprênah kaponakan saking pancer jalêr (saking bapa) lan saking pancer estri (saking ibu),

lan ugi wontêng ingkang kaprênah uwa utawi paman, langkung-langkung Prabu Salya lan Bhisma. Panjênênganipun Sang Pandhita (maksudipun Pandhita Drona) kaprênah Guru.

10

କଥାରେ || ଅନ୍ତରୀଳରେ ପାଦରେ : ଯାହା ଶରୀରରେ : କଥାରେ
ଅନ୍ତରୀଳରେ ମିଳିଲା ପାଦରେ କଥାରେ ଶରୀରରେ
ଅନ୍ତରୀଳରେ ମିଳିଲା ପାଦରେ କଥାରେ ଶରୀରରେ

Ngkā kroda Krṣṇa mangadēg saka ring pahōman, munggwing natar sira wibhuh kadi Kālamṛtyu, mintonakēn krama nirantuhu Wiśnumūrtti, līlā triwikrama makāwak ikang triloka.

Sêkar ing nginggil punika nyariosakêñ nalika Prabu Krêsna dutanipun Pandawa badhe dipun-kroyok dêning Korawa, ing salêbeting rêmongan wontêng ing kadhaton Hastina. Sasampunipun Prabu Krêsna ngêndikakakêñ usulipun supados praja Hastina *dipun-sigar semangka*, ingkang sapalih kapasrahakêñ dhatêng Pandawa, dêwa 4 ingkang nêkseni pirêmbagan (Parasurama Kanwa, Janaka lan Bathara Narada) sami ngêndikakakêñ mupakatipun. Makatêng ugi para pinisêpuh Hastina, kadosta: Prabu Dhretarastra, Rêsi Bhisma, Pandhita Drona lan Sang Widura, inggih sami nyondhongi usulipun Prabu Krêsna. Nanging Prabu Duryodhana, Patih Sakuni

(Sêngkuni), Prabu Karna lan Dussasana (Dursasana), jalaran boten rila sapalihing praja Hastina dipun-ulungakên dhatêng Pandawa, lajêng sami oncat saking papan pirêmbagan, nuntêni sami mepak wadyabala kangge mikut lan mrajaya Prabu Krêsna.

Wontêni ing pagêlaran ringgit purwa sêkar punika kangge sulukan *ada-ada* tumrap adêgan Prabu Krêsna.

Katranganing têmbung-têmbungipun:

1. *ନ୍କା ngkā* = ing ngrika, lajêng, salajêngipun (Indonesia: di sana, lalu, selanjutnya, maka); nalika punika.
2. *କ୍ରୋଧ୍ୟା krodha* = duka, muntab, bêndu.
3. *ମଙ୍ଗଦେଗ mangadêg* = juménêng, jêngkar (Krama inggil, yen Ngoko: ményat).
4. *ହୋମ୍ hom* = kempal, kempalan, pirêmbagan (sarasehan, musyawarah). *ପାହୋମାଣାଙ୍କ pahöman* = papan pirêmbagan, papan ingkang dipun êngge parêpatan (Indonesia: tempat berunding, tempat bersidang).
5. *ଅନ୍ଗୁଙ୍ଗି munggwing* (*ଅନ୍ଗୁଙ୍ଗି unggu* + seselan *ଉମ୍ um* + *ଇଂ୍କି ing*) = wonten ing.
6. *ନାତାର୍ଜୁଙ୍କ natar* = plataran (Indonesia: halaman muka).
7. *ସିରା sira* (têmbung sêsulih pratamapurusa) = panjénênganipun.
8. *ବିଭୁଷ୍ମି wibhuh (wibhu)* = kiyat, sêntosa, kuwaos.

9. କାଲମ୍ରତ୍ୟୁ *Kālamṛtyu* = dewaning pêjah (Indonesia: dewa maut, dewa kematian); Bathara Kala.
10. ମିନ୍ଟୋନାକେନ *mintonakēn* = nêdahakêن (Indonesia: memerlihatkan, menunjukkan).
11. (କ୍ରମ ନିରା *krama nira* = kawontênanipun, sipatipun.
12. ତୁହୁ *tuhu* = pancen, nyata, sanyatanipun, sajatosipun.
13. (କ୍ରମ ନିରାନ୍ତ୍ୟୁ *krama niran* (ନିରା *nira* + ନ୍ତ୍ୟୁ *n*) *tuhu* = kawontênanipun *bilih* sanyatanipun
14. ମୂର୍ତ୍ତି *mūrtti* = badan, salira. ଉତ୍ସୁମୂର୍ତ୍ତି *Uṣṭumūrtti* = têgêspipun lugu: salira Wisnu, maksûdipun: panjanmanipun Bathara Wisnu.
15. ଲିଲା *līlā* = kanthi gampil (Indonesia: tanpa mengalami kesukaran), endah, sênêng lan tênrêming manah, rumaos bêgja, kanthi alon.
16. (ତ୍ରୀକ୍ରମ *trikrama* = têgêspipun lugu: ingkang ajang-kah tiga (Indonesia: yang berlangkah tiga), njangkah kaping tiga (jêjulukipun Bathara Wisnu). Maksudipun ing sêkar punika: (jalaran saking dukanipun) mancala warni awujud rérupen ingkang nggêgirisi sangêt, kadosta: dados danawa ingkang agêngipun sarêdi anakan.
17. ମାକାଵାକ *makāwak* (ମାକା *maka* + ଅକାହାକ୍ଷୟୁ *awak*) = asalira (Indonesia: berbadan).

18. (ତ୍ରିଲୋକା triloka = jagad têtiga (Indonesia: ketiga dunia).

Suraosipun:

Nalika punika duka tan sipi Prabu Krêsna; Nyat! juménêng, lajêng miyos saking papan pirêmbagan. Wontên ing plataran panjênênganipun mancala warni dados agêng kados Kalamrêtyu (Bathara Kala), nêdahakên kawontênaning saliranipun ingkang sanyatanipun bilih panjênênganipun punika panjanmaning Wisnu. Kanthi gampil panjênênganipun triw-krama asalira jagad têtiga.